

Bib pat 5 :
Mistè fanm lan ki sou
bèt sovaj lan ki gen
koup la nan men li an

Yon pwofèt se yon mesaj Bondye , menm jan ak Yon apòt , diferans ki genyen ant yon pwofèt e yon apòt , yon pwofèt anonse pawòl Bondye a , men Jezi te fòme apòt yo , pou yo anonse e eksplike pawòl Bondye a (travay 20 :28, jan 21 : 15).

nou pa ka pale de apòt yo, san nou pa pale de pwòmès , jezi te fè ak disip li yo , nan lik 22 : 28 a 30 , lè li te di « nou ki Toujou avèk mwen nan tout eprèv mwen yo , ki swiv mwen jiskobou , mwen fè yon alyans avèk nou menm jan papam fè yon alyans avèk mwen pou yo wayom , pou nou manje e bwè sou tab mwen e pou nou chita sou twòn yo e pou nou jije douz tribi izrayèl yo (matye 19 : 28) »

se pandan nou li , ke Jezi te gen plis ke 12 disip , Juda te trayi Jezi (travay 1 : 15 a 19) e Matyas te ranplase li (travay 1 : 23 a 26) *kontrèman ak Toma , lòt disip yo te an mank de fwa men jezi te di (Mak 16 : 14) , okenn nan yo pat bezwen foure dwèt yo nan mak klou a , pou yo te kwè (lik 24 : 28 a 41) ,jezi te di si fwa gwo tankou yon grenn mouta wap di ka fè yon mòn deplase (lik 17 : 6) ti fwa lòt yo te genyen te sifizan pou yo te aksede a tit apòt men Toma pat aksede a tit apòt la paske li pat*

ekzèsè okenn fwa (Jan 20 : 24 a 29), men li te kontinye avèk Apòt yo etanke disip paske li pa trayi , ni nye kris te releve lè li te fin examine mak yo nan kò kris.

se pousa nan travay 1 : 26 Matyas ki te ranplase Jida te konte avèk 11 apòt yo , yo pa rapòte avèk 11 lòt apòt yo , donk li te konte pami 11 apòt yo , e nan travay 6 : 2 , yo te di 12 yo , Toma te avèk yo paske mank defwa li an , pat yon trayizon , dezyèman li te rete avèk apòt yo paske li te retrouve fwa li , lè li te wè mak klou yo nan men Jezi (Jan 20 : 27) sa jis anpeche li vin yon apòt (jan 20 : 28 a 29)

nan travay 2 : 14 nou li pyè te lève e 11 yo te avèk li , ankò la yo pa di 11 apòt , wap mwen yon mansyone 12 yo , 12 disip men pa gen okenn vèsè ki rapòte 12 apòt yo.

se pa paske Toma pa aksede a tit apòt lan pou yo te separe yo de li , de menm li pa byen pou rejete yon zanmi'w ki pa nan zak malonèt jis paske ou vin gen plis lajan pase li , nan pli gwo pòs pase li .

nou gen apòt pòl ki se Saul (travay 13 :9), li pat fè pati apòt ki ap renye sou Youn nan 12 tribi yo paske apòt pòl pat fè pati disip Jezi te fè pwomès lan, avèk yo a (travay 9 : 1 a 16 , travay 1 : 21 a 22)

E li se apòt nasyon yo ,

Bondye te getan plase kavalye li sou Dân , se pousa te gen 12 disip , men si nan douz la Jezi te getan konnen youn tap trayi li , pou kisa Jezi pat pran 13 disip ? paske te gen sèlman 11 plas disponib e moun ki gen pou renye sou dan lan te getan chwazi (genèz 49 : 19) menm jan Bondye te getan deside ke Eliya ak moyiz ki ap bra goch e Bra dwat Jezi. (Matye 17 : 3 , Mak 10 : 35 a 40).

pami 12 apòt ki ap renye sou 12 tribi izrayèl yo , dènye an , douzyèm nan , se yon fanm (revelasyon 12 : 1) li ap renye sou Dân (49 : 16 a 18) Kounya nou pral eksplike mistè fanm sa (revelasyon 17 : 6 a7) .

dabò nou pral kalkile nonb bèt la 666 , ki reprezante pa 10 wa ki poko gen wayom men ki gen pouvwa menm jan ak bèt sovaj lan (revelasyon 17 : 12) plis 7 wa , 5 nan yo getan tonbe (revelasyon 17 :10) plis Bèt sovaj la , wa ki pran li pou Bondye , ki fè an total 18 , lè nou kalkile “nonb ou kantite” ki fòme bèt sovaj lan , e lè nou adisyone chak nonb yo ansanm ki reprezante nonb bèt sovaj la sètadi: $6+6+6=18$.

Kounya nap retounen sou mistè fanm lan e bèt sovaj la, ki gen 7 tè t e 10 kòn lan ,

« nan revelasyon 17 :18, nou li anj lan te di bèt sovaj ki te la men ki pala ankò men aktyèlman lap soti nan abim dlo, e li ap

detwi , men lè yo wè bèt sovaj lan ki te la men ki pala poutan li ap prezan moun ki ap viv sou latè ap sezi e yap kòmanse admire li , men moun sa yo non yo pat ekri nan liv lavi a depi fondasyon mond lan ».

EXPLIKASYON: nou konnen aprè bèt sovaj lan te detwi , te gen yon wa ki ap pran plas bèt sovaj lan, ki ap kontinye travay bèt sovaj lan e ki ap fè li pase pou Bondye , e moun ki ap admire bèt sovaj lan, imaj bèt sovaj lan , non yo pat ekri nan liv lavi depi avan fondasyon mond lan.

nan revelasyon 17 : 9 a 18 yo di nou gen 7 wa , 5 nan yo tombe , YOUN SE , lòt la poko rive men li pap fè anpil tan, bèt sovaj la ki te la men li pala se yon uityèm men li soti fè pati 7 la.

EXPLIKASYON: si “youn se” e si bèt sovaj la se yon wa tou e li se youn pami 7 wa yo men li se uityèm , donk gen yon entwi , nan revelasyon 17 : 18 nou li fanm ou wè an , reprezante gran vil , ki gen yon wayom pami wa ki sou latè yo , li trè enpòtan pou nou pa konfonn wayom fanm sa , ki se douzyèm disip lan, ki ap gen yon wayom sou latè ke Bondye ap etabli , pou reprezante wayom li a , e pou fè fas ak wayom Satan an , paske pral gen yon separasyon ant 2 wayom sa yo (revelasyon 11 : 1 a 2) fanm ki ap gen yon wayom ke Bondye ap etabli an , ap soti nan Dâ e nan genèz 49 : 16 a 18 Jakòb te di kavalye Dan ap jije tèt li , tankou youn nan tribi izrayèl , se pou sa Dan ap yon sèpan bò yon wout , ki ap mòde talon cheval kavalye lan pou fè moun ki sou li an tonbe (revelasyon 17 :4) o jewova map tann ou , pou

vin delivre mwen , se pou sa ke nan revelasyon 17 : 6 Nou li ke fanm lan pa konsyan de krim bèt sovaj lan ap fè .

malgre sou fon li make Babylòn la grand, manman pwostiye a , men yo pa di nou ke li se babylòn la grand manman pwostiye a , (revelasyon 17 : 5)paske fanm lan pa pwostiye a , nan revelasyon 17 : 15 a 16 nou li , dlo ou wè pwostiye a te chita (revelasyon 17 : 1) an reprezante pèp yo , foul yo, e divès Lang , e bèt sovaj a 10 kòn lan , ap rayi pwostitiye a , yo ap mete li toutou ni , manje tout viyann li , e boule li nan dife , tandiske fanm lan ki te chita sou bèt sovaj lan (revelasyon 17 : 4) non sèlman li te enkonsyan de sa bèt sovaj la tap fè (revelasyon 17: 6) e li te reprezante gran vil ki gen yon wayom pami wa ki sou la tè yo (revelasyon 17 : 18) pwostitiye an se Babylòn la grand e fanm reprezante dan kòm pèp dân fè tonbe kavalye yo a , donk yo vin aji tankou babylòn la grand (genèz 49 : 16 a 18) .Sepandan Dân pa babylòn la grand ki sitye li shinear kote wa babylòn , Neboukadnetsar te mennen yehoiaqim wa jida a an egzil (danyèl 1 : 1 a 2) apre pès yo te fin detwi babylòn , babylòn gen pu li rebati e atabli solidman (zakari 5 : 6 a 11).

Nan revelasyon 12 a 15 nou wè ap gen 10 wa ki poko gen yon wayom , men yo ap gen pouvwa tankou wa yon lè , yo moman avèk bèt sovaj lan , ki pran li pou Bondye , e yo ap bay pouvwa e pwisans yo ak bèt sovaj lan , yo ap gen yon sèl panse , yo ap goumen avèk aniyo an men paske Jezi wa dè wa , senyè dè

senyè , Jezi tap metrize bèt sovaj lan jis avèk prezans li , (tesalonisyen 2 : 8) e tout lòt rele e chwazi fidèl avèk bèt sovaj lan, Jezi ap gen vikwa sou yo (revelasyon 19 : 20 a 21).

1) Eske Dan modi , èske dan se babylòn la grand ?

Nou li nan genèz 49 : 28 Jakòb pat modi Dan, se te yon benediksyon , li te di , se lè Bondye di yon mo , Dan ap jwenn delivrans , li trè enpòtan pou nou pa konfonn Dan ak Babylòn Babylòn la grande , ki sitye li shinear , kote rwa babylòn lan Neboukadnetsar te mennen Yehoïaqim jida te amene an exil ((danyèl 1 a 2) apre ke pès te detwi babylòn (daniel 5 vs 1 a 31) , jan nou wè nan zakari 5 vs 6 a 11 ke babylòn gen pou li bati e etabli solidman . li trè enpòtan pou nou pa konfonn Dan ak Babylòn la grande , la mère des prostitués , ki se yon vil modi , imond (Revelasyon 18 : 1 a 7 , Revelasyon 14 : 8) men fanm ki ap soti nan Dan (genèz 49 :16 a 18)

Nou konnen diktati , kiminsis se yon fòm de pouvwa royal , gen peyi demokrasi ki toujou gen yon fòm de wayote jiskamètnan, gen sèk ki kache deyè peyi demokrasi.

2)Kosènan tribi yo pou kisa kris lan soti nan jida (ebre 7 : 14) e Jozèf(Genèz 49 : 24) an menm tan ?

Nan Ezekiel 48 : 1 a 30 nou wè chak tribi izrayèl te gen yon pa nan Jerizalèm (ezechièl 48: 29) men jozèf tè gen 2 pa

(ezekeyèl 47 : 13) nan ezekeyèl 48: 21 se sanktyè ou tanp Bondye tap au

milye , e menm jan nou wè nan revelasyon 21 :9 a 14 nou wè ke non 12 tribi yo te ekri nan 12 pòt nouvèl Jerizalèm lan et nan ezekeyèl 48 : 31 a 34 non 12 tribi izrayèl yo te ekri nan pot ansyen Jerizalèm lan , nan ezekeyèl 48: 35 rapòte que non vil sa se jewova li men la , nou konnen se Jerizalèm Bondye te chwazi pou mete non li. Si Jezi soti nan Jozèf se paske Chak tribi yo te gen yon pa nan Jerizalèm e Jozèf tè gen 2 pa , konsa tou Jezi te ka soti nan riben ou Dan , e si Jezi soti nan Jida paske aprè divizyon izrayèl Jerizalèm tè rete atache avèk jida, En rezime Jezi te fèt bètleèm efrata ki se teritwa Jozèf nan Jerizalèm e Jerizalèm se te vil Royal jida .

3) kijan teritwa izrayèl te repati e kiijan nou ka idantifye yo malgre nan premye jijman zile e mòn yo te chanje plas (revelasyon 6 :12) e majorite ansyen gran teritwa , zil , vil yo , pa rele menm jan ?

Li trè impòtan pou nou pa konfon 12 tribi izrael yo ki se : Jida , Riben , Josep, Dan, Naftali, zeboulòn ,isaka, Gad, ashe , bejamin , levit , simeon ,

ak 12 teritwa tribitè ki fòme izrayèl , « Ruben , Siméon , Juda , zeboulòn , issakar, Dan , Gad , asher, naphtali , Benjamin , efrayim, Manase »(Jozye 14 a 19 , nonb 32 :33),

Nan 12 tribi izrayèl yo Lévi te repati an jakòb e dispèse an izrayèl, Siméon tou te repati men Siméon te anpil malgre li

dispèse(genèz 49 : 5 a 7) sa pat anpeche sak repati yo fòme yon tribi (genèz 19 : 1 a 9).

Jozèf tè gen 2 pa nan teritwa izrayèl la , ki te reprezante pa efrayim e manase , demi tribi manase , riben , Gad ,Moyiz te bay yo , pòsyon tè pa yo (nonb 32:33) , avan yo te rantre , nan tè pwomiz lan paske Moyiz pat rantre nan tè promiz lan (Deteronòm 32 :52 , deteronòm 34 : 4 a 5) , Gad e Riben se sèlman gras a pòsyon tè yo gen nan Jerizalèm lan , ki fè ke , yo gen teritwa nan tè promiz lan (ezekeyèl 48 : 1 a 30) .

4) Pou kisa Dina pa konte pami tribi yo ?

Lè yon fanm marye avèk yon gason li pote non fanmi gason an , Dina pa eritye de Jozèf .

pou yon fi eritye papa li ,

- si li gen frè , fòk li pa ou poko Marye ,

-si li marye fòk li pa gen frè , menm jan pitit fi Tselophehad te eritye pa yo nomb 27 : 1 a 8) .

5) Kijan , non ansyen teritwa yo fè disparèt , ou chanje ?

non ansyen teritwa yo chanje e trouble nou ,pa ekzanp , si nou pran URSS ki redwi a la Russie , men yon lidè ayisyen chwazi rele ton ti vil an ayiti URSS , sa ka trouble generasyon futur lan ,

si yo pa gen asse infòmasyon e pa pemèt yo ka lokalize premye URSS.

6) Koman nou ka idantifye Jerizalèm lib lan ?

Nou li nan galat 4 : 22 a 26 nou li « Nou konnen nan Jerizalèm kote Bondye chwazi pouabri li an , e nan Jerizalèm Bondye te chwazi siyon (som 76 : 7, som 132 : 13) site David lan (1 kronik 11 : 5) se li ki manman nou , vrè Jezizalèm (galat 4 : 26), , nap idantifye pa mwayen pawòl Bondye a , mesaje kap pote bòn nouvèl lan te soti Jerizalèm , an palan de Jezi (Jan 1 : 14) , e nouvèl lwa an , ke jezi te vin akonpli an , ou lwa konplèt la (matye 5 :17) , ap soti siyon (Ezayi 2 : 3).

7) Ki efè pwomès jezi te fè nan gen sou kavalye Dan lan ?

Jezi te di moun ki swiv li yo jiskobou , ap renye sou 12 tribi (Matye 16 : 24) menmlè kavalye dan lan pat la , men Bondye te getan chwazi li davans (genèz 49 : 16 a 18) , li menm tou dwe pran poto siplis e swiv Jezi jiskobou (jan 16 : 20 a 33) tout sak ekri yo ap reyalize (Lik 16 : 17,lik 21 : 33 , matye 5 : 17 a 18)

8) Ki relasyon jezi te genyen avèk mari ?

Nou li ke lè Jezi te fèt lan , Bondye te di pa mwayen zanj gabriyèl pou yo te rele li “Jezi” efektiman Mari e Jozèf te rele li Jezi (matye 1 : 24 a 25 , lik 2 :21) men yo te rele li tou emanyèl , ki vle di dye avèk nou (Matye 1 : 19 a 23) Mari pat peche paske

Jezi se yon Dye, men nou wè sa tronpe anpil moun , paske anpil legliz ansenye Jezi se Bondye , ou ankò lè Mari tè di mond lan ap deklare bonè mwen , nou wè gen yon dam ki te di glwa pou fanm ki te pote'w nan vant li an (lik 11 : 27) e Jezi te di , men pito glwa pou moun ki fè volonte Bondye (lik 11 : 28) , si Mari , te pote Jezi nan vant li , se paske li te trouve favè devan Bondye (lik 1 : 30).

Mari te ka pote Jezi nan vant li e poutan li pat onore , paske Jezi te di manman'l , papa'l , frè'l , sè'l se moun ki fè volonte papa'l ki nan syèl lan (matye 12 :50).

efektivman Mari te onore paske lè Jezi tap pral mouri , disip li te renmen anpil lan , li te di madanm an palan de Mari men pitit ou an , e li te di disip lan men manman'w (jan 19 : 26 a 27) sa prouve nou ke , si Jezi di Mari se manman yon disip li , frè spirityèl li , donk mari te fè volonte Bondye (lik 8 : 21) .

Pat gen tansyon ant Jezi e Mari paske mari te toujou byen konsève nan kè'l tout sa jezi tap di yo depi lè Jezi te piti (lik 2 :51) , si nou tradwi jan 2 : 4 an kreyòl nou li : Madanm ki sa mwen genyen avèk ou , tan pam nan poko rive , donk lè nou analize sans vèsè sa , an kreyòl nou Jezi pa gen okenn ostilite ou mank de respè anvè Mari ou anvè fanm , nan sa Jezi te di an .

Sepandan Mari se pa fanm ki pi eleve sou tout lòt yo , fanm ki ap soti nan Dân , se de li menm nan pwovèb 31 : 29 a 30 Ke yo di pitit li yo leve e onore li (revelasyon 12 : 15 a 17), pwopriyetè li an ap leve e louwe li , paske byen ke anpil fanm montre yo kapab men ou depase yo tout.

9) Èske non Emanyèl lan yo te bay Jezi se te yon dezabeyisans , ou yon Malediksyon?

Daprè Ezayi 7:14 yo tap rele Jezi Emanyèl ki vle di Bondye avèk nou (Matye 1:23), efektivman si ou wè Jezi ou wè Bondye , paske Jezi te vin reprezante Bondye donk di Bondye avèk nou, revyen omèm , a di Jezi avèk nou , sepandan Jezi pa Bondye .